**Titus Brandsma: Munhu Wenguva Yedu**

*Underson Musina O.Carm*

Mugore ra2018 ndakava nemukana wekuenda kunyika yeNetherlands neGermany kumusangano weCarmelite Formation waitaurwa nezvaTitus Brandsma. Kudzidza nezvake kwakaita kuti ndione kuti kune zvizhinji zvatingadzidza kwaari sechita uye sedungamunhu. Sezvo mazuva okuitwa musande kwaTitus avakuswedera ndaona zvakakodzera kugoverana nemi zvinhu zvinotaridza kuti Titus muenzaniso wekurarama muKamero zvikuru sei muCommissariate yedu Zimbabwe. Nhaurirano ino yakaumbwa pahwaro wezvinyorwa zvavanhu vazhinji vakanyora nezvaTitus vanosanganisira Migueel Arribas, Boniface Hanley, Vanden Heuvel naGlueckert Leopold.

Titus aiva 'nemuono' waiita kuti agone kuziva chokuita panguva yakafanira. Izvi zvakamubatsira kuti agone kukunda nyangwe pazvinhu zvanga zvakaomesesa. Kusanzwanana kunowanikwa pakati pevanhu vanogarisana saka panoda hungwaru hwekuwana nzira dzekugadzirisana. Nenzira yakewo, Titus ndiye muenzaniso unofanirwa kutorwa nechita uye neCommissariat muZimbabwe. Semuenzaniso, Kamero muZimbabwe iri pakati pevanhu vanotsigira mapato akasiyana, vetsika nezvitendero dzakasiyana siyana. Kunyangwewo nhengo dzeKamero muZimbabwe dzinobva mumhuri dzakadero. Kunetsana nezvibingamipinyi zvinogona kumuka pakugara pamwe chete. Titus anotiyeuchidza kuti tinofanira kuva vawadzanisi nevashandiri verugare kuti tigone kuunza kuyanana, tigogona kugara sechita tichitevera Jesu Kristo uye kumushandira takatendeseka zvichibva muhana yakagadzikana (*Rule* 2).

Zvichienderana nedonzvo remaCarmelites rinotaura kuti tiri vanamati vanogara pamwe chete tichiparidzira shoko raMwari, Titus anodzidzisa kuti chitendero hachifanire kungova chinoonekwa kunze chete asi chinofanira kunge chakadzika mumoyo. Neimwe nzira, Titus anoti padonzvo redu zvose zviri zvitatu (kunamata, kugara tose uye shandira vanhu vaMwari) zvinofanira kukosheshwa. Chita chinofanira kurarama donzvo raro zvinofambirana nenguva dzino. Titus mudzidziso yake *Concept of God* mugore ra1932 anosimbisa kuti tinofanira kutsvaga nzira itsva dzekuparidzira Shoko raMwari. Nzira itsva idzi dzinoenderana nenguva ino dzinofanira kunge dzichienderana nemuraramiro wemazuva ano. Kwemakore anodarika makumi manomwe Chita cheKamero muZimbabwe chakagona kupa ruyamuro rwacho maererano nezvaidiwa nesangano panguva iyoyo. Chita cheKamero chinoita mabasa akasiyana siyana sekushanda muzvikoro, mupararishi, muzvipatara nekupa runyarara
ro. Titus anotikurudzira kuti tinofanira kuramba tichitsvaga dzimwe nzira dzekushandira vanhu zvinoenderana nezvinodiwa nenyika uye nesangano.

Titus mudzidziso yake anoburitsa pachena kukosha kwegwara ratinoratidzwa naAmai Maria veGomo Kamero uye nemuporofita Erija. Titus anotaura nezvenzira idzo maCarmelites anogoverana mweya une simba waErija wakapetwa kaviri (double portion) (2 Madzimambo 2:9). Mumagariro edu tinoziva kuti nhaka inopiwa kumwanakomana wekutanga kana baba vachinge vashaika. Saka mweya wakapetwa kaviri waErija inhaka yakapiwa kune chita cheKamero. Sevana vaErijah tinofanira kuchengetedza dzidziso yake tichitevera matsimba omuporofita. Kuna Titus, mweya wakapetwa kaviri waErija unomiririra shungu dzevana

veKamero dzekutsvaga Mwari nenzira yokunamata (contemplation) uye kugara vachishandira vanhu (active apostolate) zvinowanikwa mumuporofita Erija, baba vedu. Mwari aidana Erija kubva muupenyu hwake hwekunamata achienda kundoshandira vanhu achibva adzokerazve kuupenyu hwekunamata.

Nenzira imwe cheteyo, vana veKamero vanodaidzwa kuupenyu hwekunamata, uye mukushandira vanhu vanofanira kudzokerazve mukunamata. Sekudzidzisa kwaTitus, kunamata kunofanira kuonekwa sedonzvo guru muupenyu hwevana veKamero. Mweya wakapetwa kaviri unoonekwa sebatanidzo yeshungu dzekunamata uye kushandira vanhu zvinotaridzwa muupenyu hwaErija (Valabek 221). Vana veKamero vanofanira kurarama upenyu hune zvinhu izvi zviviri. Zvinoitwa nevanhu zvinofanira kubatanidzwa negirasiya raMwari.Titus anoti matambudziko anosanganikwa nevanhu, mukuzvipira kunamata anoita kuti tipiwe mubairo naMwari.

Uyezve, Titus akabatsira kutanga Yunivhesiti yeNijmegen. Titus akaona hukoshi hwedzidziso muupenyu hwevatenderi. Kushaikwa kwedzidziso yechiKristu muzvikoro kunogona kuunza kusaremekedzana kwevanhu uye kwezvisikwa zvose. Ndinobvumirana naTitus panyaya yeukoshi hwedzidzo nekuti kana pasina dzidziso yechiKristo vanhu havagone kuonanana sevakasikwa nemufananidzo waMwari. Dzidziso yechiKristo inobatsira kuti munhu azvizive uye azivewo vamwe. Dzidziso yaTitus yezvekuremekedza nharaunda yakakosha nguva dzino nekuti vanhu nezvizikwa zvose vakabatana nekuti zvose zvakasikwa naMwari. Nhasi, Titus anoyeuchidza chita cheKamero muZimbabwe kuti tinofanira kukoshesa kuparidza kuburikidza nezvikoro uye kuitawo mabasa ekuchenesa nharaunda dzatigere. Izvi zvinogona kuva uchapupu kuvanhu kuti nharaunda inofanira kuchengetedzwa nekucheneswa.

Semutapi wenhau Titus akashanda azvakasimba nevanoita zvenhau uye achisimbirira kunyaya dzeruenzaniso. Mugore ra1935 akava mupi wemazano kubato reUnion of Catholic Journalists. Mubasa rake iri akazvipira nomoyo wake wose nyangwe kusvikira pakuti arasikirwe neupenyu hwake achirwira ruenzaniso nechokwadi. Nenzira imwechete, vari muchita cheGomo Kamero nhasi vane basa sera muporofita Erija iro rinoitwa naTitus nemazvo rekumirira chokwadi nguva dzose. Kumira pachokwadi nguva dzose kunouyisawo matambudziko muupenyu. Semuenzaniso, munguva yaTitus nhepfenyuro dzechiKatorike dzakarambidzwa kushanda nekuti vakanga vamira pachokwadi.

Paakanga ari mujeri kuScheveningen, Amersfort neDachau, Titus akasangana nematambudziko akasiyana-siyana asi akaramba ane chitarisiro pamusoro pazvo akapawo vamwe chitarisiro ichocho. Munhaurwa yake yeChishanu Chisande, Titus akataridza maonero ake ezvinhu zvaiitika kwaari. Chitendero nechitarisiro zvakaita kuti arambe akasimba uye kuti asazungunuke paaitarisana nekurwadziwa. Nyangwe mukutambudzika kwake, Titus akaramba akabatana naMwari. Titus akatora kutambudzika kwake sekugoverana mukutambudzika kwaKristo. Sekumuka kwakazoitawo Kristo, Titus aizobuda mukutambudzika semukundi. Titus aiziva chose kuti Mwari chete ndiye oga aimupa simba

rekutarisana nemarwadzo ose aaisangana nawo. Kuna Titus, kutambudzika mukana wekuona rudo rwaMwari matiri.

Nhasi, vana veKamero muZimbabwe napasi pose vari kushanda pakati pevanhu vari kusangana nematambudziko akasiyana siyana. Matambudziko sys sngsvs ezveupfumi, nzara nezvirwere, munguva dzino kune hondo pakati peRussia neUkraine nedzimwewo nyika dzinehondo. Munguva dzakaoma kudai, Titus anoti chitendero nechitarisiro muna Mwari uye kuremekedza upenyu kwatinoita kuchaita kuti rimwe zuva tikunde uipi hwapasi. Chita cheKamero panguva dzakadai uye panguva dzose chinofanira kuramba chiri nharirire yechitarisiro, rugare nekuyanana.

Chokupedzisira, Titus anotiyeuchidza kuti tinofanira kuva midziyo yorugare pakati pevanhu vose-vose. Kusiyana kwemarudzi, zvitendero, kana mapato atinotsigira hazvifanire kukosheswa kudarika kuti tose takasikwa nemufananaidzo waMwari.Titus anorwira kodzero dzevana vechiJudah kuti vatambirwe kuzvikoro zvechiKatorike. Titus akatanga bato rainzi 'Apostolate of Reunification' kuzadzisa shuwiro yekirike yekubatanidza vatendi vechiKatorike neavo vesangano reKumabvazuva (Eastern Church). Mubvunzo watingazvibvunze ndewekuti; seveKamero chii chatiri kuita kukurudzira kubatana kwevatenderi vechiKristo?

Dai mhemberero dzekuitwa musande kwaTitus Brandsma dzabatsira kuvandudza chita cheKamero uye sangano rose.